

PARAN ELÈV KLAS 6èm ANE
VAKSINASYON SE TIKÈ PITIT OU A POU SANTE L KA PI
DYANM DEMAN

2011-2012

Depatman Lasante nan Florid mande pou elèv klas 7èm ane yo pran vaksen sa yo:

- **Tdap (1 dòz) Tetanòs-Difteri-Koklich**

Yo mande pou w prezante prèv pitit ou a te pran vaksen Tdap la anvan l koumanse klas 7èm ane a.

Elèv ki nan klas 6èm ane kounye a yo te sipoze deja pran vaksen pi ba a yo:

- **MMR (2 dòz)**
- **Polyo (4 dòz)**
- **DTP/DTaP (5 dòz)**
- **Seri Epatit B yo**
- **Vaksen kont Varisèl (1 dòz) oswa siyen prèv li te gen maladi varisèl la**

Vaksen yo disponib nan biwo doktè ou oswa nan Depatman Lasante nan rejyon an (fè koudèy nan lis ki nan do paj sa a).

Mache ak kanè vaksinasyon pitit ou lè w prale avèk li pou vaksen an. **Kontakte biwo lekòl la divans anvan w vin pran sètifika vaksinasyon li an.**

Voye DH 680, ki se Sètifika Vaksinasyon Florid la retounen bay lekòl la apre chak vizit vaksinasyon.



2011-2012

VAKSINASYON OBLIGATWA POU RANTRE LAK OL LA

Pitit ou a dwe resevwa tout vaksen ki obligatwa pou l ale lekòl nan Florid. Si pitit ou a **pa** gen tout vaksen ki obligatwa yo mande yo, ou dwe fè aranjman pou pitit ou a pran rès vaksen li poko pran yo.

Ou dwe kontakte doktè pitit ou a pou pitit ou kapab resevwa vaksen yo. Ou kapab rele tou klinik Depatman Lasante nan Depatman Polk ki pi pre w la pou w mennen pitit ou a pran vaksen yo. Vaksinasyon disponib nan biwo pi ba a yo:

Klinik Vaksinasyon Depatman Lasante

Klinik nan Auburndale

Telefòn: 965-5400
1805 Hobbs Road

Klinik nan Bartow

Telefòn: 519-8242
1255 Brice Blvd.

Klinik nan Haines City

Telefòn: 421-3204
111 North 11th Street

Klinik nan Lake Wales

Telefòn: 678-4144
835 West Central Avenue

Klinik nan Lakeland

Telefòn: 413-2620
3241 Lakeland Hills Blvd.

Remak:

- Vaksinasyon nan klinik sa yo disponib gratis pou timoun ki gen 18 lane e timoun ki poko gen laj sa a.
- Mennen pitit ou a nan klinik lan epi yon kopi vaksen lip ran deja.
- Yo pap kapab ba w yon sètifika vaksinasyon pèmanan si pitit ou a pa pran tout vaksen ki obligatwa pou li pran.